

Mission:

To protect, promote & improve the health of all people in Florida through integrated state, county & community efforts.



Rick Scott
Governor

John H. Armstrong, MD, FACS
State Surgeon General & Secretary

Vision: To be the Healthiest State in the Nation

Kesyon Moun Poze Souvan: Kowonaviris Sendwòm Respiratwa Mwayennoryan (MERS-CoV)

Dat Dènye Chanjman: 12 Me 2014

Kisa MERS-CoV ye?

MERS-CoV se yon souch kowonaviris sou moun ki asosye avèk maladi respiratwa ak gwo kantite ka lanmò.

Ki kote viris MERS-CoV sòti?

Yo te rapòte kèk enfeksyon viris MERS-CoV pou premye fwa nan ane 2012 nan Arabi Sawoudit, epitou yo pa konnen sous la. Depi ane 2012, ka imen yo te parèt sou moun ki t ap viv nan lòt peyi oswa ki t ap vwayaje pou ale nan lòt peyi nan Penensil Arab la oswa nan peyi toupren yo. Yo te obsève lòt ka yo deyò zòn nan, men yo konsène moun ki gen kontak sere avèk vwayajè ki malad nan Penensil Arab la ak nan peyi toupren yo.

Ki sentòm ki genyen nan MERS?

Pifò moun ki te enfekte avèk MERS-CoV te vin gen maladi respiratwa ki grav anpil avèk sentòm lafyè, tous, ak souf kout. Apeprè 30 pousan ladan yo mouri. Yo te rapòte kèk moun gen yon maladi respiratwa modere.

Èske MERS-CoV simaye ant yon moun ak yon lòt moun?

Wi, gen prèv ki montre aklè kijan MERS-CoV simaye ant moun ki nan kontak sere, tankou lòt moun ki nan yon kay kote gen yon moun ki enfekte. Yo te obsève transmisyon enfeksyon an tou ant pasyan ki enfekte ak anplwaye swen sante.

Konbyen moun doktè dekouvri ki gen MERS-CoV; konbyen moun ki te mouri?

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou ka maladi a ak sou ka lanmò yo rapòte, ale nan sitwèb WHO www.who.int/csr/disease/coronavirus_infections/en/index.html.

Èske MERS-CoV se menm avèk viris SARS?

Non, MERS-CoV se pa menm kowonaviris ki te lakòz SARS nan ane 2003. Men, tankou viris SARS, MERS-CoV sanble avèk yon kowonaviris yo jwenn sou chovsourit.

Èske gen yon vaksen oswa tretman pou enfeksyon MERS-CoV?

Pa gen vaksen oswa tretman anti-viral pou enfeksyon MERS-CoV. Swen medikal bay sipò epi li ede soulaje sentòm yo. Andedan gouvènman Etazini, Enstiti Nasyonal Sante [National Institutes of Health (NIH)] alatèt devlopman yon vaksen kont MERS-CoV. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi [Centers for Disease Control (CDC) and Prevention] ap patisipe nan yon gwoup travay anba kontwòl NIH pou diskite sou tretman anti-viral, devlopman vaksen, ak kèk lòt tretman posib pou enfeksyon MERS-CoV.

Florida Department of Health

Office of Communications
4052 Bald Cypress Way, Bin A-04 • Tallahassee, FL 32399-1705
PHONE: 850/245-4111 • FAX 850/488-6495

www.FloridaHealth.gov

TWITTER:HealthyFLA
FACEBOOK:FLDepartmentofHealth
YOUTUBE: fldoh

Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen ak fanmi mwen?

Nou ankouraje moun yo pou yo pran prekosyon senp ki endike anba la yo pou yo pa gen pifò enfeksyon respiratwa yo:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo. Si pa gen savon ak dlo, itilize dezenfektan men abaz alkòl.
- Pa manyen zye, nen ak bouch ou. Mikwòb gaye nan fason sa a.
- Pa pran kontak sere avèk moun ki malad yo.

Kisa k ap fèt pou pwoteje ak prepare sitwayen Etazini yo?

Nan preparasyon woutin nan, CDC bay twous materyèl pou fè tès pou MERS-CoV pou Depatman Sante Eta Laflorid (Florida Department of Health). Pwofesyonèl swen sante ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou tès la nan depatman sante konte a. CDC ap kontinye kominike avèk depatman sante eta a ak depatman sante lokal yo pou toujou ba ou enfòmasyon yo. Depatman Sante Eta Laflorid (Florida Department of Health) ap travay anpil avèk patnè swen sante yo ak CDC pou detekte, kontwole epi evite maladi a simaye nan Laflorid.

Èske gen nenpòt restriksyon sou deplasman pou vwayaj Etazini k ap planifye vwayaj pou ale nan Penensil Arab la oswa nan peyi toupre yo?

Ale nan sitwèb CDC pou jwenn dènye avètisman sou sante anrapò ak vwayaj pou nenpòt peyi ki gen pou wè ak MERS-CoV. CDC rekòmande pou moun k ap vwayaje pou ale nan Penensil Arab la ak nan peyi toupre yo pou yo pran prekosyon nòmal pou yo pa gen enfeksyon respiratwa:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo. Si pa gen savon ak dlo, itilize dezenfektan men abaz alkòl.
- Pa manyen zye, nen ak bouch ou. Mikwòb gaye nan fason sa a.
- Pa pran kontak sere avèk moun ki malad yo.

Moun ki gen yon lafyèv ak sentòm maladi respirasyon fèb, tankou tous oswa souf kout, anvan 14 jou apre vwayaje pou ale nan peyi ki nan Penensil Arab la oswa nan peyi toupre yo ta dwe wè yon pwofesyonèl swen sante, epitou yo ta dwe mete li okouran dènye vwayaj yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou MERS-CoV, tanpri ale nan sitwèb <http://newsroom.doh.state.fl.us/2014/05/12/mers-cov-2/>, www.cdc.gov/coronavirus/mers/ or www.who.int/csr/disease/coronavirus_infections/en/index.html.